# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या के मिल्कीपुर क्षेत्र में एक हजार पांच करोड़ रूपिया क तिरासी गो परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। जिहमें तिरासी करोड़ रूपिया क सैंतीस गो परियोजनन क अउर नौ सौ बाइस करोड़ रूपिया क छियालिस गो परियोजनन क सिलान्यास सामिल हवे। लोकार्पण अउर सिलान्यास के बादे एगो जन सभा के संबोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि अजोध्या में आजु विकास क गंगा बहि रहल हवे। दीवाली के मौका पर ईहा आयोजित होखे वाला दीपोत्सव क एक–एक दीया देस के कोना कोना के रोसन करे ला। श्री योगी कहलें कि एगो समय रहलि कि अजोध्या के लोग बिजली अउर पानी खातिर तरसत रहलें, ओह अजोध्या के डबल इंजन क सरकार तीस हजार करोड़ रूपिया के विकास क योजना समरपित कइलें हवे। येह मौका पर मुख्यमंत्री आयुष्मान कार्ड, प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि, मुख्यमंत्री आवास योजना के लेके कई गो जन कल्याणकारी योजनन क प्रमाण पत्र दिहलें अउर उपकरण दिहले के साथें सम्मान रासियों दिहलें।

येह मौका पर कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही, खेल अउर युवा मंत्री गरीश यादव मौजूद रहलें। अजोध्या के कार्यक्रम में हिस्सा लिहले के बाद मुख्यमंत्री गोरखपुर पहुंचले अउर ओहा उहां के रामगढ़ताल में फ्लोटिंग रेस्टोरेंट क उदघाटन कइलीं अउर ग्रीनवुड अपार्टमेंट के आवंटियन के प्रमाण पत्र बंटली। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री पछिला सात सालि में गोरखपुर में भइल विकास कार्यन क जनकारी दिहलें।

**********

पहाड़न पर हो रहल बरखा अउर बान्हन से लगतारे नदियन में पानी छोड़इले के नाते प्रदेस के कई गो नदियन क जलस्तर खतरा के चीन्हा से उप्पर पहुंचि गइल हौ। गंगा नदी बदायूं, फर्रूखाबाद, गाजीपुर अउर बलिया आ घाघरा नदी बाराबंकी, अजोध्या अउर तुर्तीपार में खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहल हवे। नदी के बढ़ल जलस्तर के नाते बनारस अउर प्रयागराज में नाइ चलवले पर रोकि लगा दीहल गइल हौ। घाघरा नदी के बढ़ल जलस्तर के नाते बलिया में काल्हि आधी राति के राष्ट्रीय राजमार्ग एकतीस क एगो हिस्सा बैरिया से माझी के बिच्चे चांद दीयर के लग्गे टूटि गइल। एकरे चलते उत्तर प्रदेस क पड़ोसी राज्य बिहार से सम्पर्क कटि गइल अउर लग्गे के गांवन में पानी पहुंचले से जन–जीवन परभावित भइल हौ। जिला प्रसासन क टीमि सड़क क मरम्मति करा के आवाजाही चालू करे खातिर कोसिस कइ रहल हवे। ओहर मौसम विभाग के भारी बरखा क पूर्वानुमान के देखत जिला प्रसासन के निरदेस पर हापुड़, मेरठ, बुलंदसहर अउर मैनपुरी के कक्षा एक से बारह तक ले क सज्जो स्कूल आजु बन्न रहल।

**********

उत्तर मध्य रेलवे काल्हि देर संझा वृन्दावन के लग्गे एगो मालगाड़ी के पटरी से उतरले के बाद मथुरा जक्सन से गुजरे वाली एक दरजन से बेसी ट्रेन के बीस सितम्बर ले रद्द कइ दिहले हवे। वृन्दावन स्टेसन के लग्गे मालगाड़ी क पचीस गो डिब्बा पटरी से उतरले के घटना के नाते कई गो ट्रेन के राहि में बदलावो कइल गइल हौ। राहि बदलले के नाते सैकड़ों यात्री मथुरा अउर आगरा रेलवे स्टेसनन पर फंसल हवें। उत्तर मध्य रेलवे क जीएम यूसी जोशी कहलें कि पटरी के मरम्मति क कार युद्ध स्तर पर चलि रहल हौ। मरम्मति में कम से कम चउबीस घंटा लागी। उहां के कहलीं कि वृन्दावन रोड अउर अजहाई स्टेसन के बिच्चे येह दुरघटना में करीब तीस गो ट्रेन परभावित भइलिनि।

**********

भारतीय जनता पारटी प्रदेस में चलावल जा रहल सदस्यता अभियान में भागीदारी के ले के टॉपटेन जिलन क सूची जारी कइले हवे। नया सदस्य बनावे के मामिला में अमरोहा जिला सबसे आगे हवे, जहवां एक लाख पैंतालीस हजार सात सौ सत्ताइस लोगि भाजपा क सदस्यता ले चुकल हवें। दुसरका जगहि पर हरदोई जिला हवे, जहवां सदस्य बने वालन क संख्या एक लाख पैंतालीस हजार चौंसठ हवे। राजधानी लखनऊ तिसरा जगहि पर हवे, जहवां एक लाख तिरालीस हजार से बेसी लोगि भाजपा क सदस्यता ले चुकल हवें।

**********

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण, आधारकार्ड के अपडेट कइले क समय सीमा बढ़ा के अब चउदह दिसम्बर ले कइ दिहले हवे। येह दौरान बिना कउनों सुल्क के आधार कार्ड में जरूरी बदलाव कइल जा सके ला। पहिले एकर आखिरी तारीख चउदह सितम्बर रहल। निःसुल्क सेवा माई आधार पोर्टल पर उपलब्ध हवे। एकरे सथहीं माई आधारऐपो पर लॉग इन कइल जा सके ला। ऑनलाइन जरिया से खाली नांव, पता, लिंग अर जनमतिथि में बदलाव क सुविधा मिली।

**********

बिहने से कजाकिस्तान में सुरू हो रहल एशियाई महिला हैण्डबाल क्लब लीग चैम्पियनशिप में पूर्वोत्तर रेलवे क तीनि गो महिला खेलाड़ियो अपने प्रतिभा क परदरसन करिहें। येह चैम्पियनसिप बदे गोल्डेन ईगल्स हैण्डबाल क्लब टीमि में पूर्वोत्तर रेलवे क तीनि गो महिला खेलाड़ी सृष्टि अग्रवाल, सुषमा अउर मीना सिल क चयन भइल हवे।

**********